

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa nya éta salah sahiji pakakas anu dipaké pikeun alat komunikasi, mangrupa wujud lisan jeung tulisan anu dipaké ku manusa dina hirup kumbuhna. Diajar basa téh tujuan utamana mah sangkan siswa mahér atawa parigel ngagunakeun basa. Ku mahér basa dipiharep weruh jeung alus (positip) sikepna kana basa. Kamahéran atawa kaparigelan basa nyoko atawa ngamuara kana opat aspék nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Ari ngaregepkeun jeung maca kaasup kaparigelan anu *aktif reseptif*, sedengkeun nyarita jeung nulis kaasup kaparigelan anu *aktif produktif* (Kardana, 1988:3). Éta komponén téh gumulung mangrupa hiji beungkeutan anu disebut caturtunggal.

Tina pedaran di luhur katitén yén maca téh mangrupa salah sahiji komponén dina kaparigelan ngagunakeun basa. Kaparigelan maca nya éta kaparigelan nyurahan lambang tinulis pikeun meunangkeun eusi pikiran atawa gagasan (informasi) anu dipidangkeun ku pangarang dina wangun tinulis. Dina prakna, maca téh lain ngan saukur nangkep harti anu dikandung ku tulisan (karangan), tapi ogé mangrupa paripolah nyurahan lambang-lambang tinulis sarta ngarobah éta lambang ngaliwatan fonik (sora) boh dilisankeun (dibedaskeun) boh

digerenteskeun dina jero haté. Tandesna mah maca téh mangrupa kaparigelan meunangkeun informasi dina tulisan atawa karangan.

Standar kompetensi nu mangrupa opat kaparigelan basa téh ditepikeun ngaliwatan aspék kabasaan. Konsep kabasaan nu dijadikeun kompetensi dasar dina kaparigelan maca, salah sahijina nyaéta kompetensi siswa dina maca carita pondok.

Pangajaran maca éta sorangan mangrupa salah sahiji kagiatan anu teu bisa dipisahkeun tina pangajaran basa jeung sastra Sunda. Kagiatan pangajaran maca lain ngan saukur kagiatan pangajaran anu sipatna pasif jeung reséptif wungkul, tapi ogé mawa peserta didik pikeun aktif ngalakukeun prosés mikir. Nu sakumaha ditétélakeun ku Tampubolon (dina Siti, 2007:10) yén dina dasarna maca téh mangrupa salah sahiji bagian atawa komponén tina komunikasi tulisan atawa bisa disebutkeun yén maca téh mangrupa salah sahiji cara pikeun ngabina daya nalar. Tujuan pangajaran maca nya éta sangkan murid bisa maham eusi téks, ieu hal ogé saluyu jeung rumusan tujuan pangajaran maca nya éta rumusan maca condong dijieun kalawan ngabalitungkeun daya tangkep murid (Parera jeung Tasai, 1995: 11, dina Saputra, 2010: 2). Kamampuh maca ogé nya éta kumaha saurang jalma bisa maham kalawan hadé informasi anu ditepikeun dina éta bacaan, antukna informasi nu ditarima bisa diungkapkeun kalawan sarua hadéna jeung anu ditarima, boh sacara lisan boh sacara tinulis.

Aspék kaparigelan maca di jenjang SMP leuwih nungtut tingkat pamahaman anu luhur. Dumasar kana prinsip-prinsip pangajaran maca, antukna perlu diayakeun alternatif pangajaran maca anu salah sahijina nya éta maca

pamahaman. Hasil ahir nu dipiharep tina kagiatan maca pamahaman tangtu sangkan para murid maham kana eusi matéri éta bacaan.

Dumasar kana hasil panalungtikan di lapangan nunjukkeun yén sabagéan gedé murid di SMP acan parigel dina kagiatan maca basa Sunda. Anu jadi kahéngkéranna nya éta sikep ti para murid anu karasa geus teu paduli jeung teu resep deui diajar basa Sunda, hususna maca. Ieu hal dilantarankeun ku kamekaran jaman jeung arus globalisasi, antukna murid jadi kurang resep sarta ayana rasa éra mun ngagunakeun basa Sunda. Teu saeutik murid anu horéam maca atawa diajar maca, utamana maca bacaan-bacaan atawa karangan-karangan basa Sunda.

Numutkeun Bapa Ferry (Guru mata pelajaran basa Sunda SMP Negeri 29 Bandung) “Sakapeung murid ngan saukur maca tanpa aya kayakinan ngeunaan tingkat pamahaman maranéhna kana eusi bacaan. Loba murid anu hésé pikeun nepikeun pamadeganna sabada maca kalawan maké basa Sunda anu bener tur hadé”, salian ti éta réa alesanana murid horéam maca, di antarana loba murid anu teu ngarti kana kecap-kecap anu aya dina éta karangan anu ngabalukarkeun para murid teu maham kana eusi éta karangan. Ceuk Adit (salasaurang siswa SMPN 29 Bandung) “Sakapeung geus ngarasa horéam ti heula nalika nempo kandel bukuna anu kacida kandel sarta loba kecap-kecap anu teu dipikaharti”, salian ti kitu, para murid ogé ngarasa bosen nalika dina prosés pangajaranna guru ngan saukur nerangkeun matéri (ceramah) anu saterusna dibéré pancén, ditambah deui kurangna fasilitas anu ngarojong sangkan murid bisa resep diajar maca kalawan maham kana eusi éta bacaan.

Dumasar tina hasil panalungtikan di SMP Negeri 29 Bandung, hususna dina pangajaran maca carita pondok (carpon) mangrupa salah sahiji pangajaran nu kudu dicangking ku siswa. Maca carpon téh dianggap hésé. Ieu bisa katingali nalika prosés diajar lumangsung jeung dina hasil diajar siswa hésé nyangking unsurintrinsik nu nyangkaruk dina carpon. Métode nu biasa digunakeun ku guru nya éta modél ceramah jeung tanya jawab (konvensional).

Modél konvensional lain modél nu goréng pikeun diterapkeun di sakola. Guru ngan ukur nyieun kelompok tapi henteu meredih siswa sangkan tanggung jawab kana pancén. Lian ti éta, siswa ngan niténan pedaran ti guru, guru méré kasempetan siswa pikeun diskusi. Modél konvensional nu dilakukeun ku guru ogé mangaruhan kana hasil diajar siswa. Nalika diajarkeun ngeunaan kamampuh maca pamahaman carita pondok, katitén hasil diajar siswa réréana teu ngahontal KKM nu geus ditangtukeun. Data peunteuna bisa dititénan saperti ieu dihandap.

Tabél 1.1
Peunteun Maca Pamahaman Carita Pondok Kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung Semester Ganjil Taun Ajaran 2011/2012

No.	Peunteun	Jumlah Siswa	Perséntase (%)
1.	95-100	0	0
2.	85-94	0	0
3.	75-84	17	42
4.	<75	23	57
Jumlah		40	100

Dumasar tabél di luhur katitén peunteun hasil diajar siswa réréana kurang ti peunteun 75 atawa teu tuntas ngahontal KKM matéri pangajaran. Dumasar kana éta hal, disawang kudu ayana évaluasi jeung réfléksi tina hasil kagiatan pangajaran. Pikeun ngamekarkeun kamampuh siswa, guru diperedih bisa

ngagunakeun modél-modél ngajar nu luyu jeung pangabutuh sarta kamekaran kamampuh siswa.

Aya sawatara modél pangajaran nu bisa dilarapkeun dina pangajaran maca. Salah sahijina nya éta modél kooperatif learning. Modél kooperatif learning nu bisa dilarapkeun dina pangajaran maca pamahaman carita pondok salah sahijina nya éta modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*).

Modél ieu ngahaja dipilih ku panalungtik lantaran dianggap bisa ngungkulan ieu masalah luhur anu bakal ditalungtik sarta mangrupa modél nu kawilang hadé upama dilarapkeun pikeun guru nu anyar ngagunakeun métode kooperatif nu museurkeun kana kelompok leutik siswa pikeun gawé bareng dina ngamaksimalkeun kondisi diajar pikeun ngahontal tujuanana. Model STAD ngabagi kelompok siswa dumasar préstasi, jenis kelamin, marga, jsté. (Slavin, 2010:143).

Aya sababaraha panalungtikan nu geus ngalarapkeun modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*) salah sahijina nu dipigawé ku Haris Sulaiman (2007) dina panalungtikan nu judulna “Modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*) pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran” dumasar kana éta panalungtikan kamampuh nulis sisindiran siswa bisa ngaronjat.

Ku kituna, panalungtik kataji pikeun nalungtik modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*) dina pangajaran maca carita pondok ieu. Ku ngagunakeun ieu modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*), dipiharep dina prosés pangajaran maca, murid bisa diajar leuwih éféktif kalawan

bisangahontal tujuan pangajaran. Dina prak-prakanana, ieu modél STAD dianggap basajan sarta gampang dilarapkeunana tanpa merlukeun biaya anu gedé.

Dumasar kana kasang tukang di luhur panalungtik ngarasa perlu ngayakeun panalungtikan anu dibéré judul “Modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*) pikeun Ningkatkeun Kamampuh Maca Carita Pondok (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2011/2012)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Sangkan ieu panalungtikan henteu lega teuing ambahanana, tur puguh guluyuranana. Tangtu perlu diwatesanan masalah anu ditalungtik. Ieu panalungtikan téh diwatesanan kana ngalarapkeun modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*) dina ningkatkeun kamampuh maca carita pondok murid kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2011/2012.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, aya sababaraha hal anu kudu ditalungtik. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha prak-prakan ngajarkeun maca carita pondok ka siswa kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2011/2012 ngagunakeun modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*)?

- 2) Kumaha hasil diajar maca carita pondok siswa kelas VII-F SMP 29 Bandung Taun Ajaran 2011/2012 ngagunakeun modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*)?
- 3) Naha modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*) bisa ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok siswa kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2011/2012?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nya éta tarékah ningkatkeun kamampuh maca carita pondok dina pangajaran basa Sunda kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2011/2012 ngagunakeun modél STAD, sangkan pangajaran basa Sunda bisa leuwih dipikaresep jeung nimbulkeun kréatifitas murid.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan ngadeskripsikeun:

- 1) prak-prakan ngajarkeun maca carita pondok ka siswa kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung taun ajaran 2011/2012 ngagunakeun modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*);
- 2) hasil diajar maca carita pondok siswa kelas VII.F SMP 29 Bandung taun ajaran 2011/2012 ngagunakeun modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*); jeung

- 3) tingkat henteuna kamampuh maca carita pondok sanggeus maké modél STAD(*Student Teams-Achievement Divisions*);

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan téh diantarana mangpaat anu sipatna tioritis sarta mangpaat anu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré sumbang pikiran kana élmu pangaweruh dina hal nyiptakeun stratégi pikeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda, utamana pangajaran maca.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep manfaat pikeun:

- 1) panalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh ngeunaan stratégi modél pangajaran anu bisa ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman siswa.
- 2) guru, pikeun nambahan alternatif stratégi pangajaran maca.
- 3) siswa, bisa diajar maca kalawan pikaresepeun, aktif, kréatif, jeung maham eusi bacaan.
- 4) mahasiswa Jurusan Basa jeung Sastra Daérah, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun dadasar pikeun panalungtikan saterusna.

1.5 Wangenan Istilah

Aya sababaraha istilah anu rék dipedar nya éta modél STAD, maca, jeung carita pondok.

- 1) Modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*) nya éta salah sahiji bagéantina modél kooperatif learning anu museurkeun kana kelompok leutik siswa pikeun gawé bareng dina ngaoptimalkeun kondisi diajar pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Dina modél STAD siswa dibagi dumasar kana tingkat préstasi, jenis kelamin, suku, jrrd. Atawa bisa ogé disebut tim siswa kelompok préstasi (Slavin, 2010:143).
- 2) Maca nya éta salah maca mangrupa hiji prosés anu dilakukeun sarta digunakeun ku pamaca pikeun meunangkeun informasi, nu baris ditepikeun ku panulis ngaliwatan média kecap-kecap atawa basa tinulis (Tarigan, 1983:7).
- 3) Carita pondok (carpon) nya éta karangan fiksi dina basa lancarana, hartina naon-naon anu dicaritakeun ku pangarang téh henteu kudu enya-nya kajadian ku dirina. Tapi sok sanajan mangrupa fiksi, carpon téh kudu nyindekel kana réalita (Sumarsono, 1986:69).

1.6 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.6.1 Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan, saperti ieu dihandap.

- 1) Modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*) bisa dipaké pikeun maluruh kumaha kamampuh nyangking eusi bacaan murid nalika maca.

- 2) Maca carita pondok mangrupa salah sahiji pangajaran anu ditepikeun di SMP anu aya dina standar kompetensi maca (KTSP).
- 3) Pangajaran maca mangrupa salah sahiji aspék tina opat kaparigelan basa.
- 4) Kamampuh maca carita pondok bisa diukur.

1.6.2 Hipotésis Tindakan

Hipotésis tina ieu panalungtikan nya éta “Modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*) bisa ngaronjatkeun kamampuh maca carita pondok siswa kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung.”

1.7 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta panalungtikan tindakan kelas (PTK), anu dimaksud PTK nya éta prosés pengkajian masalah pembelajaran di jero kelas ngaliwatan réfléksi diri dina upaya pikeun ngungkulan masalah ku cara migawé tindakan nu terencana dina situasi nyata sarta nganalisis unggal pangaruh tina éta parlakuan. PTK miboga tujuan pikeun nala'ah jeung ngaréfléksikeun sacara kolaboratif hiji pamarekan pangajaran anu tujuanana pikeun ningkatkeun prosés pangajaran di kelas.

PTK nu dilakukeun dina ieu panalungtikan ngawengku dua siklus nya éta siklus I jeung siklus II. Dina unggal siklus aya 4 tahapan nu ngawengku tahap perencanaan tindakan (*planning*), pelaksanaan tindakan (*action*), pengamatan (*observation*), jeung réfléksi (*reflection*).

Panalungtikan nu dilakukeun nya éta panalungtikan tindakan kelas nu orientasina kana modél STAD (*Student Teams-Achievement Divisions*), nu ngawengku: matéri ajar, rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP), lembar kerja siswa, lembar observasi guru, lembar observasi siswa, jeung instrumén lembar tés.

1.8 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung nu alamatna di Jl. Geger Arum No.11A. Sumber datana nya éta murid-murid kelas VII-F SMP Negeri 29 Bandung anu jumlahna 40 siswa jeung hasil tés (tés awal jeung tés ahir) maca murid.

